

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa ngagunakeun basa salaku alat komunikasi dina hirup kumbuh sapopoé. Basa téh salaku média komunikasi anu bisa dipaké nalika nepikeun jeung narima informasi. Dina widang sastra, basa diréka-réka jadi hiji runtuyan basa anu éndah sarta dijadikeun média nepikeun amanat carita ti pangarang ka nu maca. Kitu deui dina widang atikan, hususna di sakola-sakola, basa dipaké pikeun nepikeun pangajaran ti guru ka siswa.

Basa téh mangrupa hiji sistem. Sudaryat (2004: 7) nétélakeun yén sistem téh nya éta beungkeutan unsur-unsur anu silih deudeul jeung silih lengkepan dumasar kana aturan anu tangtu pikeun ngahontal hiji tujuan. Minangka hiji sistem basa miboga dua sipat nya éta sistematis jeung sistemis. Disebut sistematis lantaran basa miboga unsur-unsur anu dumuk pola-polana tur bisa diramalkeun. Sedengkeun disebut sistemis lantaran basa téh mibanda subsistem kayaning fonologi, gramatika, léksikon, jeung semantik.

Lian ti éta basa téh miboga sipat anu variatif, ku kituna basa téh rupa-rupa, aya nu disebut basa internasional, basa nasional, jeung basa daérah. Basa daérah anu dipaké ku masarakat di daérah Jawa Barat ilaharna disebut basa Sunda.

Basa Sunda téh salah sahiji basa anu kagolong loba panyaturna dibandingkeun jeung basa lianna anu aya di Indonesia. Basa Sunda ogé ngalaman kamekaran ti mangsa ka mangsa. Ieu hal bisa katitén ku ayana basa-basa anu aya di alam baréto aya nu geus jarang dipaké ku masarakat alam kiwari. Aya ogé basa-basa anu ngalaman parobahan harti boh jadi ngahaeureutan atawa ngalegaan.

Nurutkeun Sudaryat (2007: 2) anu dicutat tina Halim Èd (1980: 151) ditandeskeun dina Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jatidiri (idéntitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan keluarga jeung masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa

pangantgeur di Sakola Dasar (SD) di kelas-kelas munggrana pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul buadaya Sunda.

Basa Sunda téh bisa disebut basa anu unik tur éndah. Basa Sunda anu unik katitén ku ayana undak usuk basa Sunda anu ngatur kumaha cara nyarita ka saluhureun atawa sahandapeun. Ieu hal patali pisan jeung norma kasopanan anu aya di masarakat Sunda. Basa Sunda anu éndah katitén tina kekecapan anu dipaké dina karya-karya sastra kayaning sajak, pupuh, guguritan, mantra, dongéng, carpon jeung sajabana. Kekecapan anu dipakéana loba anu murwakanti utamana mah dina sajak jeung guguritan. Ku kituna basa Sunda miboga kabeungharan kecap anu luhung pisan.

Patali jeung kecap-kecap basa Sunda, urang Sunda ngagunakeun basa Sunda tangtu baé kekecapan anu dipakéna ogé kekecapan basa Sunda. Nurutkeun Sudaryat (2007: 48) kecap téh nya éta bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bébas sarta ngandung harti anu tangtu. Kecap minangka unsur pangleutikna dina kalimah sabab aya bagian kalimah lianna anu mangrupa gundukan kecap sok disebut frasa jeung klausa. Kecap mibanda sipat anu bébas lantaran kecap bisa madeg mandiri dina kalimah, bisa dipisahkeun cicingna jeung bisa dipatukeurkeun tempatna jeung kecap ogé miboga harti anu tangtu boh léksikal atawa gramatikal.

Kecap téh diulik ku élmu morfologi. Dina morfologi diébréhkeun ayana wangun kecap. Nurutkeun Sudaryat (2007: 58) wangun atawa adegan kecap mangrupa wujud kecap disawang tina morfém anu jadi unsur pangwangunna. Wangun kecap dina basa Sunda dipasing-pasing jadi dua, nya éta kecap salancar jeung kecap rékaan atawa kecap jembar. Kecap salancar nya éta kecap anu diwangun ku hiji morfém bébas, sedengkeun kecap rékaan atawa kecap jembar nya éta kecap anu diwangun ku dua morfém atawa leuwih. Kecap rékaan atawa kecap jembar diwincik deui jadi opat, nya éta kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan jeung kecap wanchan.

Ari nu disebut kecap rajékan nya éta kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh

binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu (Sudaryat, 2007: 60). Kecap rajékan dina basa Sunda miboga kaunikan atawa ciri has. Ciri has ieu aya dina wangun kecap rajékan dwimadya, lantaran dina basa-basa séjén mah hususna dina basa indonésia mah teu kapanggih.

Pedaran ngeunaan kecap rajékan pikeun bahan pangajaran kungsi ditalungtik, diantarana waé, *Kecap Rajékan Binarung Rarangkén Dina Novél Babalik Pikir Karangan Samsoedi Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP* (Gina Kristiana, 2009) jeung *Kecap Rajékan dina Kumpulan Buku Carita pondok Mirah Dalima Karangan Kis WS Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP* (N. Rita Mulyati, 2005).

Panalungtikan ieu dilaksanakeun lantaran dina panalungtikan samemehna mah kecap rajekan anu diulik téh masih kénéh heureut, hususna ditilik tina jihat fungsi jeung hartina. Ku kituna dina ieu panalungtikan bisa ngajembaran hasil panalungtikan anu saméméhna. Kumpulan carita pondok ieu dipilih lantaran dina buku kumpulan carita pondok *Halis Pasir* ngandung kecap-kecap rajékan anu bisa diulik tina jihat struktur jeung semantis. Lian ti éta, carita-caritana ngagambarkeun kajadian-kajadian anu umumna aya di lingkungan masarakat jeung karakteristik tokohna ogé bisa gampang kacangking ku nu macana. Hal séjén anu matak ngirut tina ieu carita pondok nya éta ngeunaan sosok pangarangna. Us Tiarsa R parigel pisan dina ngolah caritana, kagambar pisan bisa neuleuman kahirupan batin tokohna sarta kungsi meunang piagem penghargaan nasional ti Présidén RI taun 2007. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Kecap Rajékan dina Kumpulan Carita Pondok *Halis Pasir* Karya Us Tiarsa R (Tilikan Struktur jeung Semantis)”.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Pedaran ngeunaan kekecapan téh kawilang euyeub pisan boh anu disawang tina jihat wangun atawa warnana. Ku kituna dina ieu panalungtikan, diidentifikasi yén masalahna téh diwatesan ku medar jeung nganalisis wangun, fungsi, jeung

harti kecap rajékan anu aya dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya US Tiarsa R.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah pikeun ditalungtik dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Wangun kecap rajékan naon waé anu kapanggih dina kumpulan carpon *Halis Pasir* karya Us Tiarsa R?
- 2) Fungsi kecap rajékan naon waé anu kapanggih dina kumpulan carpon *Hasil Pasir* karya Us Tiarsa R?
- 3) Harti kecap rajékan naon waé anu kapanggih dina kumpulan carpon *Halis Pasir* karya US Tiarsa R?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum diayakeunana ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun kecap-kecap rajékan anu aya dina kumpulan carpon *Halis Pasir* karya Us Tiarsa R.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon tujuan hususna, di antarana pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Wangun kecap rajékan anu kapanggih dina kumpulan carpon *Halis Pasir* karya Us Tiarsa R;
- 2) Fungsi kecap rajékan anu kapanggih dina kumpulan carpon *Hasil Pasir* karya Us Tiarsa R;
- 3) Harti kecap rajékan anu kapanggih dina kumpulan carpon *Halis Pasir* karya US Tiarsa R, jeung;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré sumbangan pamikiran dina mekarkeun élmu pangaweruh anu hususna ngeunaan kecap rajékan basa Sunda sarta mére informasi ngeunaan kecap rajékan basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat nu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan sacara praktis, nya éta:

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh, hususna ngeunaan struktur kecap rajékan sarta bisa nyangking data ngeunaan kecap-kecap rajékan anu aya dina kumpulan carpon *Halis Pasir* karya Us Tiarsa R.
- 2) Pikeun guru pangajar basa jeung sastra Sunda, méré gambaran pikeun mekarkeun pangaweruhna nalika nepikeun ngeunaan kecap rajékan.
- 3) Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh bisa dimanfaatkan pikeun bahan diajar tur mekarkeun pangaweruh sanajan teu ditepikeun sacara husus dina pangajaran.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan dilaporkeun dina wangun skripsi. Raraga tulisan dina ieu skripsi dituliskeun saperti di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku: kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan;

Bab II Ulikan Tiori jeung Anggapan Dasar, eusina ngawengku: pedaran ngeunaan kecap, kecap rajékan, kaparigelan maca, rarancang bahan pangajaran kecap rajékan jeung anggapan dasar;

Bab III Métode panalungtikan, eusina ngawengku: sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, définisi operasional, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data;

Bab IV Hasil Panalungtikan, eusina ngawengku: hasil analisis kecap rajékan dumasar kana wangun, fungsi, hartina anu kapanggih tina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa R, sarta bahan pangajaranna, jeung;
Bab V Kacindekan jeung Saran.

